**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–03.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पंचायती राज मंत्रालय आइ नव दिल्ली मे राज्य सभक पंचायती राज मंत्री लोकनिक राष्ट्रीय कार्यशालाक आयोजन कयलक। केन्द्रीय पंचायती राज मंत्री राजीव रंजन सिंहक अध्यक्षता मे आयोजित कार्यशाला मे मुख्य रूप सँ सोलहम वित्त आयोगक सिफारिश पर चर्चा भेल। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे एहि कार्यशाला मे वित्त मंत्रालयक व्यय विभाग द्वारा जारी सोलहम वित्त आयोगक ग्रामीण स्थानीय निकाय अनुदान के लागू करबाक दिशा निर्देश पर चर्चा भेल।

---

युवा कार्यक्रम विभाग आइ नव दिल्ली मे माई भारत लेल उद्योग संघ सम्मेलनक आयोजन कयलक। सम्मेलन मे एसोचैम, फिक्की, सीएआईटी आ सीआईआई समेत प्रमुख उद्योग निकाय भाग लेलक। एहि कार्यक्रमक उद्‌देश्य उद्योग जगतक हितधारक के माई भारत पारिस्थितिक तंत्र सँ परिचित करायब आ उद्योग संघ, कॉरपोरेट तथा सार्वजनिक क्षेत्रक उपक्रम के एहि पहल मे सम्मिलित हेबाक लेल आमंत्रित करबाक छल। केन्द्रीय युवा कार्यक्रम आ खेल मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया कहलनि जे उद्योग आ माई भारतक मध्य सहयोग सँ युवा सभक एहि ऊर्जा के राष्ट्रीय विकास लक्ष्य दिस निर्देशित करय मे मददि भेटत।

---

दरभंगा जिलाक बहादुरपुर प्रखंड मे तीन सय पचासी एकड़ भूमि पर नव औद्योगिक क्षेत्र विकसित कयल जायत। एहि वास्ते भूमि चिन्हित कयल गेल अछि। मद्य निषेध मंत्री मदन सहनी दरभंगा मे आयोजित एक कार्यक्रम मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे औद्योगिक क्षेत्र विकसित हेबा सँ निवेश के बढ़ावा भेटत आ स्थानीय स्तर पर रोजगारक अवसर सृजित होयत।

---

दरभंगाक रैयाम चीनी मिल के फेर सँ चालू करबाक लेल जिलाधिकारीक कौशल कुमार उच्चस्तरीय समीक्षा समितिक गठन कयलनि। एहि कमिटि मे केवटीक विधायक मुरारी मोहन झा, जिला सहकारिता पदाधिकारी, जिला कृषि पदाधिकारी, ईख पदाधिकारी आ जिला जनसंपर्क पदाधिकारी सदस्य बनाओल गेल छथि। ई समिति चीनी मिल के फेर सँ चालू करबाक उपाय लेल आकलन करत।

———————————————————————

मौसम विभाग आइ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे आंशिक वर्षा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि। एहि क्रम मे तेज हवाक संग ठनका खसबाक चेतावनी सेहो जारी कयल गेल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे मुंगेर सदर मे सभ सँ बेसी बीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

भागलपुर जिलाक भावनीपुर थाना ़क्षेत्र अंतर्गत एनएच एकतीस पर एक बालू लादल हाईवा ट्रक अनियंत्रित भऽकऽ सड़क कात झुग्गी झोपड़ी पर उनटि गेल। एहि दुर्घटना मे दू बच्चा समेत तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि बारह सँ बेसी व्यक्ति घायल छथि। घायल सभ के उचित इलाज लेल जवाहर लाल नेहरू मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

———————————————————————

सीतामढ़ीक पुलिस रीगा थाना क्षेत्र मे ग्राहक सेवा केन्द्र सँ भेल लूट कांडक खुलासा करैत पांच आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। पुलिस सूत्रक अनुसार गिरफ्तारीक क्रम मे एक अपराधी पुलिस पर फायरिंग कऽ भागबाक प्रयास कयलक जकर जवाब मे पुलिस द्वारा कयल गेल कार्रवाई मे ओकर पएर मे गोली लागल। गिरफ्तार अपराधी लऽग सँ दू देसी कट्टा, दू कारतूस आ लूट मे प्रयुक्त एक मोटरसाईकिल कयल गेल। दोसर दिस वैशाली आ समस्तीपुर जिलाक सीमा क्षेत्र स्थित बंगरा थाना क्षेत्रक बलगांव मे अपराधीक योजना बना रहल किछु अपराधी के पुलिस घेरलक। एह क्रम मे एक अपराधी पुलिस पर गोली चला

देलक। जकर जवाब मे पुलिस द्वारा चलाओल गेल गोली सँ एक अपराधी घायल भ गेल। मामला मे दू अपराधी के गिरफ्तारी भेल अछि।

———————————————————————

दरभंगा मे पछिला दिन एक आभूषण दोकान मे भेल लूटक मामिला मे एसटीएफक दल मधुबनी जिलाक पंडौल सँ एक आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि। एहि मामिला मे एखन धरि चौदह अभियुक्तक गिरफ्तारी भऽ चुकल अछि। ओतहि, समस्तीपुर जिलाक दलसिंहसराय थाना क्षेत्रक चकलोमान गाम सँ पुलिस एक लूटक मामिला मे सात साल सँ फरार एक आरोपी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

मैथिल ब्राह्मणक विश्व प्रसिद्ध वैवाहिक निर्धारण स्थल सौराठ सभा मे आइ वर आ कन्या पक्षक दिस सँ सात सिद्धांत कराओल गेल। काल्हि सँ शुरू भेल ई सभा बारह जुलाई धरि आयोजित कयल जायत।

———————————————————————

सहरसा जिलाक सलखुआ थाना मे थानाध्यक्षक सांठ–गांठ सँ दलाली करयवला दलाल के गिरफ्तार कयल गेल अछि। एहि मामिला मे कोसी प्रक्षेत्रक डीआईजी कुमार आशीष दस पुलिसकर्मी के निलंबित कऽ देलनि।

———————————————————————

समाप्त भेल